# Мастер-класс

# Сулейманов Ахьмадан дахар а, кхолларалла а.



Хамстханова М.С.

# Мастер-класс

# Сулейманов Ахьмадан дахар а, кхолларалла а.

1алашо: Нохчийн хьакъволу поэтан,этнографан, художникан,1илманчин,вуьззинчу нохчийн к1ентан Сулейманов Ахьмадан дахар а,кхолларалла а шуьрачу барамехь йовзийтар.

,,Дерриг а дуьне ду къонахчун меха!

Х1ара дуьне -м къонахийн белшаш т1ехь дай!,,

(Сулейманов Ахьмад )

Х1окху Ахьмадан дешнашца йоло лии суна сайн таханлера урок. Вайга,вайн дешархошка,Республикан бахархошка муьлхачуьнга анохчийн поэтех тоьллачун,этнографан,художникан, 1илманчин ц1е яккха аьлча,хьалхарчу мог1арехьхир яра Сулейманов Ахьмадан ц1е. Цул совнаха ,цочул нохчийн къоман ,вайн къонахийн амалш теллина,уьш евзина,царах лаьцна шен произведенешкахь язйина цхьа а яздархо я поэт вац вайн къоман. Ша биллгал волу къонах ца хилча ,бийр бацара цо и тайпа белхаш я, ба лур а бацара цуьнга уьш.

Къонаха-дахаран синпхенийн мерз бу!

Къонаха-дуьненан г1аг1анийн шад!

Цо ларйо дахаре вайн йолу марзо!

Къонаха -пха кхосса дуьйлина 1ад!

Къонаха- вехийца ДАЙМЕХКАН СИЙННА.

Даймехкан сий лардеш,вала а ле!

Ле иза кхин ваха ца лууш санна,
Лен воцчу сийлалле кховдавеш ц!е!

ШУН Ахьмадах долу хаарш толлуш,цхьак1еззиг тестировани д1ахьур ю вай ,цул т1аьхьа кхид1а а дуьйцур ду Сулеймановн дахарх лаьцна,
**Тесташ**

**1.Шайна хетарехь нохчийн литература кхиийначу поэтех уггар а тоьллачу кхааннан ц1ераш билгалъяха.**

а) Сулейманов Ахьмад,КибиевМусбек, Резванова Айза.

б) Арсанукаев Шайхи ,Мамакаев 1арби, Сулейманов Ахьмад.

В) Ахматова Раиса ,АнзороваБалкан, Абдуллаев ЛЕЧА.

**2.Шуьнехь дош,, ц1е йолчу стихотворенин автор мила ву,**

**Хьанна лерина язйина иза авторо.**

а) Бексултанов Муса. Ахмадов Мусана лерина.

б) Бисултанов Апти, Мамакаев 1арбина лерина,

в) Сулейманов Ахьмад. Дагаев Валидана лерина.

**3. 1922-чу шарахь Хьалха -Мартан к1оштарчу Олхазар-к1отара ц1е йолчу юьртахь дуьнен т1е ваьлла поэт билгалваккха.**

а) Рашидов Шаид.

б) Арсанукаев Шайхи.

в) Сулейманов Ахьмад.

**4. Сулейманов Ахьмадан поэзехь билгалйолуш, цо дукха таллам бина коьрта тема муьлханиг ю?**

а) Мискачу нехан 1ер-дахар гайтар.

б) Нохчийн къоман а, къонахийн а дика амалш йийцар.*

в) Советан 1едалан дикалла йийцар.

**5. Сулейманов Ахьмадан белхан говзаллаш билгалъяха.**

а) Лор, хьехархо , аьчк-пхьар, поэт.

б) хьехархо, директор, поэт этнограф, художник.

в) Яздархо, поэт академик.

6. Сулейманов Ахьмадан книгаш билгалъяха.

а) "Лаьмнашкахь 1уьре" , "Ц1еран суй", "лакхенан г1илакх",

б, "Безаммий, шаьлтий ", "Ламанан хьостанаш", " "Даймехкан некъаш".

в)" Даггара доттаг1ий", "Къонахалла", "Тайна Малика ..."

1922 - чу шеран май беттан хьалхарчу дийнахь Хьалха - Мартан к1оштан Олхазар - к1отара олучу жимчу юьртахь дуьнен т1е ваьлла т1аьхьо ерриг Республикехь а, Къилбаседа Кавказехь ц1е яххана, массарна везаш а, вевзаш а хинволу 1илманча, поэт Сулейманов Ахьмад. Кхоллараллин болх д1аболийна, байташ язъян а, къоман барта кхоллараллa т1ехь белхаш бан а Ахьмад волавелла ша школехь доьшуш волчу хенахь. Шен произведенешкахь Ахьмада кхачам боллуш, къеггина яьстина вайн къоман тоьлла амалш: доьналла, майралла, яхь, собар, хьекъал, хаза г1иллакх - оьздангалла, дайн оьзда 1адаташ, Даймохк безаш, иштта д1а кхин а.

Г1ала яккха со ца воллу, - **(1 - ра тоба)**

Цул ч1ог1а ду адаман дог ...

Ирчу дашца ца даккхалахь,

Тоьпе - м и ца даккхало?! ...

Не11ийн, неккъий цахаржарна,

Вайгара дуьйлу г1алаташ -

Г1ант а, Г1аж а шениг харжахь,

Йоцчохь юг1у г1аланаш ...

Къинхетам бу дахар латтош,

Ма го и д1абаьлла де!

Къиза адам Лаьтта даг1ахь,

Дуьне даг1ош ер ю ц1е ...

Сулейманов Ахьмад цхьана юьртан во1 вацара, иза дийнна къоман во1ваша хилла ваьхна. цо дуккха шерашкахь райкоман комсомолан секретарь а, школехь хьехархо, завуч, деректор белхаш а бина. 25 шарахь сов 1илманан белхаш а бина Ахьмада. Иза кхачаза, цо таллаза, цунна бух бовзаза Нохч - Г1алг1айчохь а, ерриг Дег1астанахь а цхьакъам тайна дийнат, хиш, лаьмнаш, шовданаш, бецаш, дитташ, гунаш, боьраш ... яц. Нохч - Г1алг1айчоьнан паспорт деш ву со, аьлла Ахьмада и белхаш х1унца бо ахь аьлла шега хаьттича.

Лойша суна шийла шовда,

Амма ц1ена шовда ло!

Адмийн дегнаш чуьра мекха

Д1аяькххина ц1андийн ду.

Лойша суна сийла стигал,

Амма ц1е стигал ло!

Х1ай адамаш! Лаьттахь стиглахь

Ас машар д1ах1оттор бу.

**Синквей**

1 -ра мог1а - цхьа дош стихотворенин ц1е муьлхха а ц1ердош.

2 - г1а мог1а - ши дош ( билгалдош я причасти). Темин чулацам гайтар.

3 - г1а мог1а - кхо дош ( хандешнаш). Дар я хилар гойтуш долу.

4 - г1а мог1а -диъ дош- авторан темица йолу юкъаметтиг гойту предложени.

5-г1а мог1а- цхьа дош - предложенин чулацам гойтуш долу муьлхха а ц1ердош.

**Нана.**

Къинхетаме, догц1ена.

Кхиаво, кхетаво, 1амаво.

Дуьненан уггар мерза стом.

Бахам.

**Къонах.**

Оьзда, хьекъале.

Веха, лела, г1отту.

Халкъахь дикаллин ц1е яхнарг.

Турпалхо.

Сулейманов Ахьмад санна бакъволу поэт шен къоман, Даймехкан во1 хуьлий веха, цуьнан дег лазам а, сирла кхане а, сатийсамаш шех а бузуш

чухуду цо. Цуьнан дош адамийн дегнашка кхочу, цо велхаво, цо, хьосту, цо туху кханенга серло.

Сирла б1аьргашца Ахьмадан кхолларалле хьаьжча, къеггина го поэтан къонахаллах дуьззина долу васт-сибат ...

Ма дохковаьлла со, ма дохковаьлла,

Цкъа цхьаннан г1ллакхна ара ца ваьлла.

Цу дийнахь сан ирс сох т1ехтилла, дайра,

Синтем цо д1абахьар гуш дара шера ...

Ма дохковаьлла со, ма дохковаьлла,

Цкъа цхьаннан г1уллакхна ара ца ваьлла.

**Урокан жам1 дар.**

**Самоанализ яр.**

**Рефлекси яр.**